

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Ajén Atikan dina Wawacan Juag Tati (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)”. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif-analisis anu mangrupa salah sahiji métode dina panalungtikan kualitatif. Téhnik anu digunakeun nya éta téhnik studi pustaka. Dina ieu panalungtikam kapanggih sababaraha hal nya éta déskripsi *Wawacan Juag Tati*, struktur carita *Wawacan Juag Tati*, sarta ajén atikan dina *Wawacan Juag Tati*. Di dieu dipedar kacindekan-kacindekan anu dicangking tina ieu panalungtikan.

Wawacan Juag Tati mangrupa buku koléksi Pabukon Departemen Pendidikan Bahasa Daerah. Anu dimedalkeun ku Balai Pustaka taun 1923. Ieu buku mangrupa karangan Bapa Mami. Éta wawacan nyaritakeun sipat adigung Juag Tati anu mangrupa salah sahiji ménak turunan bupati, anu teu panuju ka hubungan anak lalakina, lantaran bobogohan jeung awéwé turunan cacah. Tapi, ku pépéling Juragan Naib ahirna Juag Tati babalik pikir.

Struktur carita anu aya dina *Wawacan Juag Tati* ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita. Téma anu aya dina *Wawacan Juag Tati* nya éta balukar tina sipat adigung. Fakta carita anu ngawengku palaku, galur, jeung latar dina *Wawacan Juag Tati* di antarana dititén tina palakuna nya éta Juag Tati (palaku utama), Atang jeung Acih (palaku kadua), jeung Atikah, Radén Ijroi, Juragan Naib (palaku tambahan). Galur dina *Wawacan Juag Tati* ngagunakeun galur mérélé. Latar anu aya dina *Wawacan Juag Tati* aya 33 latar, anu kabagi jadi tilu bagian nya éta: (1) latar tempat 18 (54,55%), (2) latar waktu 12 (36,36%) jeung, (3) latar sosial 3 (9,09%). Sarana carita anu ngawengku judul, puseur implengan, gaya basa jeung simbol dina *Wawacan Juag Tati* di antarana dititén tina judul nya éta *Wawacan Juag Tati*. Pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma katiluteu kawatesanan. Gaya basa anu digunakeun ku pangarang nya éta gaya basa lalandian atawa métafora, gaya basa mijalma atawa personifikasi, gaya basa ngasor atawa litotes, gaya basa rarahulan atawa hiperbola, jeung gaya basa

ngupamakeun atawa simile. Dina ieu wawacan simbol nu kapanggih nya éta aya 20 simbol.

Ajén atikan anu kapanggih dina *Wawacan Juag Tati* anu katitén tina paripolah sarta sikep anu dilakukeun ku palaku, di antarana: 1) yakin sakabéh mahluk mulang ka Allah, ieu hartina palaku miboga kapercayaan sarta kayakinan ka Allah; 2) yakin ka Allah, ieu hartina palaku miboga kapercayaan sarta kayakinan ka Allah; 3) ménta pitulung Allah, ieu hartina palaku miboga kapercayaan sarta kayakinan ka Allah; 4) yakin yén sakabéh turunan Nabi Adam, ieu hartina palaku miboga kapercayaan sarta kayakinan ka Allah jeung para Nabi; 5) ngalaksanakeun paréntah Allah (solat), ieu hartina palaku miboga kayakinan yén salaku manusa kudu ngalaksanakeun paréntah Allah; 6) sabar jeung tawakal; 7) ngadu'a, ieu hartina palaku miboga kapercayaan sarta kayakinan ka Allah; 8) ulah munapé, ieu hartina kudu jadi jalma anu jujur; 9) ngedalkeun eusi haté, ieu hartina kudu jadi jalma anu jujur; 10) teu percaya ka batur, ieu hartina kudu jadi jalma anu jujur; 11) ngedalkeun kahayang; 12) ngayakinkeun batur; 13) ulah ngabohong ka diri sorangan; 14) alesan anu jujur; 15) kudu paham kana kasusah batur; 16) ulah pipilih ka jalma sarta ulah nempo tina status sosialna; 17) ngahargaan pamadegan batur; 18) ulah miboga sipat henteu ngahargaan pamadegan batur; 20) kudu bisa jadi jalma anu mandiri; 21) ulah ngabéda-bédakeun jalma tina status sosialna; 22) sakabéh jalma sarua boh hak boh kawajibanana; 23) diajar ka sakola; 24) wanoh ka jalma sabudeureun; 25) ulin jeung jalma nu anyar dipikawanoh; 26) silih cacarita; 27) hirup kudu sauyunan jeung ulah paséa; 28) hirup bagja lain ku harta hungkul; 29) bisa maca jeung nulis; 30) nambahan pangaweruh; 31) méré pépéling pikeun sakabéh jalma; 32) ngalayad ka batur; 33) méré pagawéan ka batur; 34) ulah miboga sikep teu daék nulungan batur; 35) mantuan batur; 36) nulungan nu keur susah; 37) kudu miboga sikep simpati; 38) méré mangpaat pikeun jalma séjén; 39) miboga tanggung jawab salaku salaki; 40) ulah miboga sikep anu henteu tanggung jawab; jeung 41) miboga tanggung jawab salaku kolot.

5.2 Saran

Dumasar hasil analisis anu geus ditétélakeun di luhur, aya sababaraha saran ti panulis ka nu maca, di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Masarakat Sunda henteu saukur maca jeung wanoh kana karya sastra modern, tapi kudu maca jeung wanoh kana karya sastra buhun.
- 2) Ajén atikan anu aya dina karya sastra buhun perlu dilarapkeun kana kahirupan sapopoé sarta diwariskeun ka unggal generasi.
- 3) Ieu panalungtikan ngan nalungtik jeung ngabahas ngeunaan analisis struktural jeung ajén atikan dina *Wawacan Juag Tati*. Ku kituna, kudu aya panalungtikan kahareupna sangkan pangaweruh dina ieu wawacan bisa leuwih lengkep.